

**Kesyon moun poze souvan Frequently Asked Questions (FAQ)
 Dat egzamen Arts lang angle *English Language Arts (ELA)* ak
 Matematik an 2010 Dates**

Ane sa a, y ap bay egzamen ELA ak Matematik Eta Nouyòk pi ta pase yo konn abitye bay li pandan ane eskolè a. Pi ba a nou mete kesyon moun poze souvan (FAQ) osijè orè egzamen ane sa a..

■ **Kilè pitit mwen an ap pran egzamen ELA ak Matematik ane sa a?**

Ane sa a, elèv k ap pran egzamen ELA ak Matematik Eta Nouyòk la nan 3yèm-8yèm ane ap pran egzamen ELA a nan mwa Avril ak ekzamen Matematik la nan mwa Me.

EGZAMEN	DAT
ELA	
Klas 3yèm, 5yèm, 7yèm, ak 8yèm ane	26 – 27 avril
Klas 4yèm, 6yèm ane	26 – 28 avril
Egzamen ratrapaj	27 avril – 5 me
Matematik	
Klas 3yèm, 5yèm, 6yèm, 7yèm, ak 8yèm ane	5 - 6 me
Klas 4yèm ane	5 – 7 me
Egzamen ratrapaj	6 – 14 me

Tout kalandriye egzamen pou ane akademik 2009-10 la sou Entènèt nan <http://schools.nyc.gov/Accountability/YearlyTesting/TestAdministration/default.html>.

■ **Èske pitit mwen an ka pran egzamen an nan dat y ap bay egzamen ratrapaj yo?**

Elèv ka pran egzamen yo nan dat y ap bay egzamen ratrapaj yo sèlman si yo te absan poutèt yo te malad oswa yo te gen yon ka ijans. Fanmi dwe fè tout sa yo kapab pou asire pitit yo lekòl lè y ap bay toude egzamen yo.

■ **Èske dat nouvo egzamen yo gen efè sou sa pitit mwen an ap aprann lekòl ane sa a?**

Non. Nòm akademik eta yo ki dekri sa pitit ou bezwen aprann nan chak klas pa chanje. Kòm avan, egzamen ELA a ak ekzamen Matematik la ap evalue ladrès pitit ou dwe aprann rive dat y ap bay egzamen an. Sèl diferans ki genyen se ane sa a y ap bay egzamen yo pi ta pandan ane lekòl la. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sa pitit ou a ap aprann lekòl ane sa a, ale nan gid Gwo Espwa pou klas pitit ou a. Pou li gid Gwo Espwa, kontakte Koòdonatè Paran lekòl pitit ou a oswa al sou sit <http://www.nyc.gov/schools/Academics/Great+Expectations>.

■ **Èske fòma egzamen an ap menm ak egzamen yo te bay ane avan yo?**

Wi.

■ **Kilè nòt ekzamen pitit mwen an ap disponib?**

Nòt egzamen pitit ou a sipoze disponib nan *Link ARIS* pou paran (arisparentlink.org) ete sa a. Pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w antre nan *Link ARIS* pou paran an, kontakte Koòdonatè Paran nan lekòl pitit ou a.

■ **Èske nouvo orè egzamen an ap gen efè sou kritè pou elèv chanje klas?**

Non. Kòm ane avan yo, timoun ki pa satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas pandan ane eskolè a ap gen pou ale lekòl pandan ete a, epi yo ka bezwen pase yon lòt egzamen ELA oswa Matematik nan fen ete a. Kòm toujou, direktè lekòl pitit ou a ak sipèntandan an ap gen pou decide si l ap chanje klas.

■ **Kòman mwen kapab prepare pitit mwen an pou egzamen yo?**

- > Asire pitit ou a fin fè epi konprann travay li fè lekòl yo ak devwadmezon l yo.
- > Pale regilyèman avèk pwofesè pitit ou a, diskite osijè potansyèl ak feblès pitit ou a lekòl ak fason ou ka ranfòse aprantisaj lakay ou..
- > Al sou sit *Link ARIS* pou paran an pou w kontwòle pwogrè pitit ou a lekòl, epi idantifye domèn li ka bezwen plis èd.
- > Li Gid pou paran pou Pwogram egzamen ELA ak Matematik, ki disponib sou Entènèt nan www.emsc.nysed.gov/3-8/parentguide/eng-webprint.pdf. Tanpri sonje yo poko mete gid sa a ajou pou montre nouvo dat egzamen yo.